



Chè fanmi,

Òf kindergarten yo disponib kounye a! Tout fanmi ki te aplike nan kindergarten avan delè 20 janvyè a ka wè lèt òf kindergarten pitit yo a kounye a nan [MySchools](#)

- Voye yon imèl ba nou nan ESEnrollment@schools.nyc.gov
- Rele nou nan 718-935-2009
- Kontakte yon [Sant Byenveni pou Fanmi \(Family Welcome Center, FWC\)](#)

Lèt òf la pral gen ladan:

- Òf kindergarten timoun lan pou lekòl primè li prale a nan ane lekòl 2023-2024 la,
- Enfòmasyon sou lisdatant, si genyen. Yon timoun ap sou lisdatant otomatikman pou tout pwogram ou te klase pi wo nan aplikasyon l lan pase pwogram kote yo ofri l plas la.

Pou jwenn plis enfòmasyon sou kòman pou wè ak aksepte òf la, gade [videyo](#) sa a.

Nou ankouraje fanmi anpil pou aksepte òf yo nan MySchools nan delè 5 me 2023 a pou konsève plas pitit yo, menmsi fanmi an ap tann yon òf sou lisdatant. Epi sa p ap afekte chans yo pou jwenn yon òf sou lisdatant nan yon pwogram yo prefere lè w fè sa. Apre w fin aksepte òf la, nouvo lekòl la pral kontakte w avèk plis enfòmasyon sou kòman pou enskri pou kindergarten ak ki dokiman w ap bezwen.

Ou gen kesyon? Nou la pou nou ede w! Rele nou nan 718-935-2009 oswa voye yon imèl nan ESEnrollment@schools.nyc.gov. Ou ka jwenn plis enfòmasyon sou admisyon kindergarten nan [sitwèb nou an](#).

Bon siksè,

Ekip Admisyon Kindergarten lan

Èske se yon zanmi ki te voye imèl sa a ba w? Mete non w sou lis pou resevwa imèl sou admisyon kindergarten nan schools.nyc.gov/SignUp.

Si w pa vle resevwa imèl ankò nan youn oswa nenpòt lis imèl nou yo, tanpri klike [la](#) pou retire non w sou lis imèl yo.